



Mizajou sou Entèdiksyon Vwayaj

Gid sa a antre an vigè 5 janvye 2026, epi li ka chanje.

Kisa entèdiskyon vwayaj ye?

An jen 2025, Prezidan Trump te bay lòd pou moun ki soti nan 19 peyi pa ka jwenn viza pou antre Etazini. An desanm 2025, li te elaji lis peyi ki gen moun ki pa ka antre Etazini. Pou kèk peyi, tout moun pa ka antre, e pou lòt peyi, se sèlman moun k ap aplike pou sèten kategori viza ki pa ka antre. Gen eksepsyon pou moun ki deja gen sèten estati legal nan Etazini ak moun k ap chèche viza pou sèten rezon. Sa ki enpòtan, moun ki deja gen viza valid ki te fèt anvan 01/01/2026 kapab antre. Gade plis enfòmasyon sou eksepsyon sa yo pi ba.

Ki nasyonalite ki pa ka jwenn viza oswa antre Etazini anba entèdiksyon vwayaj la?

Moun ki soti nan peyi sa yo ki vle jwenn viza imigran oswa viza vizitè B-1, B-2, B-1/B-2, viza etidyan F, viza fòmasyon pwofesyonèl M, ak viza echanj kiltirèl J pap kapab jwenn yo:	Moun ki soti nan peyi sa yo ki vle jwenn nenpòt kalite viza pap kapab jwenn yo:
- Angola - Antigua ak Barbuda - Benen - Burundi - Cote d’Ivoire - Kiba - Dominik - Gabon - Ganbi - Malawi - Moritani - Nijerya - Senegal - Tanzani - Togo - Tonga - Tikmenistan - Venezuela - Zambi - Zimbabwe	- Afganistan - Burkina Faso - Bimani (Myanmar) - Chad - Kongo (Brazzaville) - Ekwatè Gine - Eritre - Ayiti - Iran - Laos - Libi - Mali - Nijè - Sierra Leone - Somali - Sid Soudan - Soudan - Syria - Yemen - Moun k ap vwayaje ak dokiman Otorite Palestinyen bay

Eske gen eksepsyon pou entèdiksyon vwayaj la?

Gen kèk kategori moun k ap chèche antre Etazini ki pa anba entèdiksyon viza/vwayaj la, tankou:	Epitou, entèdiksyon vwayaj la PA aplike pou moun sa yo:
- Sitwayen Ameriken - Rezidan Pèmanan Legal (moun ki gen Green Card) - Moun ki gen doub nasyonalite - Sèten minorite relijye ak etnik ki soti nan Iran - Sèten diplomat ak atlèt	- Nenpòt moun ki deja gen estati nan Etazini, tankou refijye, moun ki gen azil, Rezidan Pèmanan Legal (Green Card), ak moun ki la ak viza valid. - Nenpòt moun deyò Etazini ki deja gen yon viza apwouve epi valid oswa ki te resevwa viza anvan 1ye janvye 2026.

Kisa k ap pase si mwen nan Etazini epi m ap aplike pou azil oswa estati Rezidan Pèmanan Legal/Green Card?

Entèdiksyon vwayaj la pa afekte moun ki deja nan Etazini k ap mande yon avantaj imigrasyon tankou azil oswa ajisteman (chanjman) estati pou vin rezidan pèmanan. Sepandan, USCIS mete yon sispansyon tanporè sou tretman tout aplikasyon pou azil, ak sou aplikasyon pou ajisteman estati (Green Card) pou tout refijye ak moun ki soti nan peyi ki anba entèdiksyon vwayaj la.

Mwen se yon refijye. Èske mari/madanm mwen oswa pitit mwen ka vin jwenn mwen atravè yon Petisyon I-730 pou Fanmi Refijye/Azil?

Entèdiksyon vwayaj la pa di si mari/madanm ak pitit refijye ki soti nan peyi ki anba entèdiksyon an ap kapab antre Etazini, men pifò tretman refijye sispann anba yon lòt lòd gouvènman an, kidonk antre kòm refijye soti nan pifò peyi pa posib pou kounye a.

Mwen gen azil. Eske mari/madanm mwen oswa pitit mwen ka vin jwenn mwen atravè yon Petisyon I-730 pou Fanmi Refijye/Azil?

Entèdiksyon vwayaj la pa di si mari/madanm ak pitit moun ki gen azil ki soti nan peyi ki anba entèdiksyon an ak petisyon apwouve ap kapab antre Etazini, men tretman tout petisyon ki annatant sispann pou moun ki gen azil ki soti nan tout peyi ki anba entèdiksyon vwayaj la anba yon lòt lòd gouvènman. Fanmi derivatif moun ki gen azil ki soti nan peyi ki pa anba entèdiksyon vwayaj la ka kontinye jwenn tretman pou vwayaje nan Etazini.

Si mwen se sitwayen ameriken oswa Rezidan Pèmanan Legal (moun ki gen Green Card), eske mari/madanm mwen, pitit mwen oswa paran mwen ka aplike pou yon viza pou vin jwenn mwen nan Etazini si yo soti nan youn nan peyi ki anba entèdiksyon vwayaj la?

Non. Anba lòd entèdiksyon vwayaj desanm nan, pa gen eksepsyon pou fanmi sitwayen ameriken oswa Rezidan Pèmanan Legal.

Afgan k ap aplike pou Viza Imigran Espesyal (SIV) toujou egzante anba entèdiksyon vwayaj la?

Non. Anba lòd entèdiksyon vwayaj desanm nan, Afgan k ap aplike pou Viza Imigran Espesyal pa kapab resevwa viza ankò.

Mwen gen kesyon sou tèt mwen oswa fanmi mwen ki deyò Etazini. Ki kote mwen ka jwenn èd?

Si w poko fè sa, ou ta dwe pale ak yon founisè sèvis legal imigrasyon. Ou ka jwenn èd sou lyen sa: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/> oswa sou lyen sa <https://ailalawyer.com/>.